

La Bib pou ti moun
prézanté

Gwo
Miray
Neyemi
an



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Jonathan Hay
Alastair Paterson

Adapté pa : Mary-Anne S.

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Pès, yon nasyon pisan, ki t ape gouvènen mond lan.
Wa Atagzèsès (Artaxerxès) t ap dirije Pès. Sa ki
te fè li vin wa ki pi pisan nan mond lan. Youn
nan nonm enpòtan wa a yo
te rele Neyemi. Travay
li se te goute manje wa
a pou pwoteje l si yo ta
vle anpwazonnen li.




Yon jou, Neyemi te kanpe devan wa a epi li te parèt tris. Wa a te vle konnen sa li te genyen. "Wa mwen, se pou w viv pou tout tan !" Neyemi te di. "Mwen tris paske vil kote zansèt mwen yo t antere a te detwi epi yo te boule pòtay li yo." Neyemi t ap pale de Jerizalèm, lagè te detwi plizyè lane anvan.



Wa Atagzèsès mande li : "Kisa w vle ?" "Kite mwen ale Jerizalèm pou m kapab bati li ankò." Neyemi te sipliye l. Wa Atagzèsès te dakò avèk jantiyès. Li te bay Neyemi (kèk) lèt ofisyèl pou pwoteje l pandan vwayaj li a.



Wa a t ede li plis toujou. Li te bay Neyemi
yon lèt pou Asaf, responsab forè wayal yo.
Asaf te genyen lòd pou li bay Neyemi valè
bwa li te mande l pou l bati miray vil la.



Lè Neyemi te rive Jerizalèm, li te rasanble tout chèf vil la epi li di yo : "Nou nan mizè. Vil la te detwi epi pòtay li yo te boule. Annou bati l ankò." Li di yo wa Atagzèsès te dakò, epi tou, sa ki te pi enpòtan an, Bondye te bò kote yo.



Lafwa ak ankourajman (antouzyas) Neyemi te
enspire moun yo san mank. Yo te dakò epi yo te di :
"Ann ale konstui vil la ankò." Neyemi te di chak
fanmi ki pati nan miray la yo te dwe repare.



Men, se pa tout moun ki te dakò pou konstui vil la ankò. Yon nonm yo te rele Sànbalat ak de zanmi li yo, Tobya ak Gechèm, yo pa te jwif, epi yo pa te vle yo bati miray la ni repare pòtay yo ankò.



Pandan travay la t ap vanse, Sànbalat te vin ankòlè anpil. Li menm ak zanmi li yo t ape pase juif yo nan betiz. Tobya te di : "Lè yo fin bati miray mizerab yo a, yon sèl rena ap kraze li." Neyemi pa te reponn. Okontrè, li te priye pou Bondye pran swen yo.




Lè yo te wè joutan yo pa te fè anyen, yo te fè konplo ansanm pou goumen ak Jerizalèm epi pou yo fè plis dega yo te kapab. Neyemi te priye Bondye ankò pou li mande l vin ede l. Li te mete yon gad tou lajounen kou lannuit pou li pa sibi yon atak sipriz.



Jwif yo t ap travay di
anpil epi yo te fatige.
Genyen kèk ladan yo ki
te pè pou lènmi an pa te
rive sou yo epi touye yo
pandan y ap travay.
Neyemi pa te kanpe
pwojè a. Li te mete gad
toutotou travayè yo epi
li te fè yo sonje Bondye
te bò kote yo epi Li te pi
fò pase tout lènmi yo !



Neyemi te
eseye bay
egzanp lan.



Wa Atagzèsès te mete
li gouvènè Jerizalèm
avèk dwa pou l mande
pèp la manje ak lajan,
men li pa te fè sa. Li
te travay di ansanm ak
pèp la ki t ap bati
miray la. Li te itilize
lajan l pou l
achte
manje.



Finalman, pèp la te fini miray la. Yo te rete sèlman
pòtay yo pou yo te mete. Lè Sànbalat, Tobya ak
Gechèm te aprann pa te genyen tou ankò nan mi yo,
yo te fè plan pou yo fè Neyemi mal.



Yo te voye mesaj bay Neyemi pou envite li vin rankontre ak yo nan Vale Ono a. Men, Neyemi te konnen se te yon pyèj pou yo fè l soti nan vil la epi pou yo kapab fè li mal. Li te reponn yo li pa te kapab kite travay li pou l al rankontre ak yo.



Miray la te resi
fini, epi Neyemi
te mete gad pou
pwoteje li.



Li te bay lòd tou
pou yo pa louvri
pòtay yo anvan
solèy leve.



Lannuit, pòtay yo
te dwe fèmen.



Kounye a pandan vil la te an sekirite a, anpil juif ki te ekzile toupatou nan mond lan te retounen Jerizalèm. Neyemi dwe te kontan anpil lè li te fin fè travay Bondye te ba li a, malgre tout obstak yo. Li te rete Jerizalèm epi li te ede pèp la obeyi Bondye.



Gwo Miray Neyemi an
Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,
Nap jwen-n nan
Neyemi

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130



Fen



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyè sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

